Ассаламу гІалайкум!

# ЩІумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
18 ноябрь
РУЗМАН

№48
(7431)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## МухIамад Шамхалов гьавуралдаса - 100 сон

### Дагъистаналъул адабияталда пагьму-гьунар бухьарав



МагIарулазул машгьурав хъвадарухъан, прозаик Шамхалов МухIамад гьавуна 1916 соналъул 25 декабралда Лъондода росулъ мискинав векьарухъанасул хъизамалъе.

ГIумруялъул 45-ялде гIагарун сон МухIамад Шамхаловас кьуна магIарулазул «БагIараб байрахъ» газеталъе. Нахъе тана редакциялъул хIалтIул киналго болъаби, 25 соналъ хиси гьечIого хIалтIана гьеб газеталъул редакторлъун. 1944 соналда гьев восана СССРалъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун, 1957 соналда-СССРалъул журналистазул Союзалъул членлъун. МухIамад Шамхалов вукIана Дагъистаналъул журналистазул Союзалъул тIоцевесев нухмалъулевлъун, ва 15 соналъ хIалтIана гьеб хIалтIуда. МухIамадил пагьмуги гьунарги букIана Дагъистаналъул адабияталда бухьараб.

МухIамад Шамхаловасул асаразулъ бихьула гIадамазе тарбия кьеялъулъ ва гьезда хьвада-чIвадизе малъиялъулъ бугеб кIудияб кIвар. Живгоги вукIана гьев хьвада-чIвадиялъул ва гIумру гьабиялъул рахъалъ мисалиявлъун, бокьулаан гьесие сундулъго мухIканлъиги.

МухIамад Шамхалов вукIана кIудияв рагIул устар, гьесул щибаб асаралъул буго гъваридаб магIнаги, киданиги гIодобе ккезе гьечIеб кIварги. Гьесул «ВатIаналъул унти» абураб къисаялъе цеберагIуда магIарулазул хъвадарухъан ХIусен ХIажиевас хъвалеб буго бечелъи букIунин кIиго батIиябилан - рухIиябгун материалияб. РухIияб бечелъиялъул рахъалъ МухIамад Шамхаловасде вахъарав чи нилъер гIемерал рукIинчIилан ва гьечIилан абун.

МагIарулазул машгьурав прозаик МухIамад Шамхаловас хъвана гIемерал асарал, гьес нилъее нахъе тана адабияталъе хвел гьечIеб ирс-рухIияб бечелъи.

1995 соналъул 20 декабралда МухIамадие Аллагьасул къадар щвана.

**АнвархIажи Вечедов,** ЦIумада муниципалияб районалъул бетIер




### МухIамад Шамхаловасде

Дур цIар зодоб ана цIвабзазда гъорлъе,
Зодиб цIвабзазда гъорлъ дур цIва кенчIола.
Дуца гвангъи кьуна нилъер росдае
ТIад вугев халикъас халкъалъе кьурав.

ТIармил чIвабазда тIад, килщалги кIутIун,
Бакънал рачунаго, къалам хIалтIарав.
ТIамур бесдаллъичIо, кучIдул тIагIинчIо,
Борхатго цIунила гьайбатаб дур цIар.

Къадру тIадегIанав тIадмагIарулав,
Мун гьавуралдаса нусго сон бана.
Адабияталъул къимат цIунарал
Юбилеялъе ниж хIадурлъун руго.

Мун гьавураб къо кIодо гьабизе
Гьалбал рачIиналда рохарал руго.
МухIамад, изну кье гьалбадерие
Дур рахъалъ баркала загьир гьабизе.

**Хатибат Шаруханова,** Лъондода росу

### МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ ракIалдещвей

## ТIадегIанаб махщалил тIалабчилъи ва мустахIикълъи

«БагIараб байрахъ» газеталъул бетIерав редактор МухIамад Шамхаловгун дир дандчIвай ккана 1963 соналъул ихдада. Ленинградалда букIараб партиялъул тIадегIанаб школалдасан хIалтIулаб практикаялъе дун витIана республикаялъул магIарул газеталъул редакциялде. Партиялъул суалал рорхулеб отделалде витIеян гьарана дица бетIерав редакторасда.

ЦIалулеб букIараб газеталъул гьумерги гIодоб лъун, МухIамад Шамхаловичас дун вачана щибаб кабинеталде, лъай-хъвай гьабуна хIалтIухъабазулгун ва ахиралда абуна квекIенал ккани, аскIовеги вачIине бегьулин, бокьараб темаялда хъвадаризеги изну бугин.

КватIичIого дица хъвана Ленинкент поселокалде гочарал магIарулазул хIакъалъулъ, бакIалъулал лъарагIазулгун гьезул ругел гьоркьорлъабазул, гьезда дандчIвалел гIузраби-квекIеназул хIакъалъулъ, гьебги босун щвана МухIамад Шамхаловичасухъе бер щвезабеян ва гьесги лъикI бугин, цIалилин абуна.

Дир рохалие ва тамашалъиялъе гIорхъи букIинчIо метерисеб къоялъ газеталъул гьумералда дир макъала лъун батидал. «Гоче, магIарулал, лъарагIлъиялде» абураб дир макъала дун цIалулев вукIарав Ленинградалъул партиялъул школалда дипломалъулаб хIалтIи хIисабалда къабул гьабуна.

Аслияб гьеб гуро букIараб, аслияблъун букIана махщел камилав редакторас макъала бахъиялдалъун дида дарс х1исабалда бичIчIизаби цогидасул хIалтIул къимат гьабизе кколеблъи. 40 соналъ хIалтIулаго, дир кверзукьан ана хIалтIухъабазул ва гIадамазул рикIкIен гIемерал макъалаби ва, гьел цIалулаго, кидаго ракIалда щолаан МухIамад Шамхалов.

«Дагъистаналъул Комсомолец» газеталъул редакторлъун дун тIамураб 1964 соналдасан нахъе щулалъана нижер гьудуллъи.

Дол соназ МухIамад Шамхалович вукIана Дагъистаналъул журналистазул Союзалъул председательлъун ва гьес кIвар кьолаан республикаялъул ва централиял гурелги, районазул гIисинал газетаздеги, гьенир рахъулел макъалабаздеги.

Северияб Кавказалъул республикабазул гIолилазул газетазул редакцияз зама-заманалда ричалан гIолилазул гIумруялъул, вацлъи-гьудуллъиялъул бицарал цадахъгоял газетал. Гьединабго пикру бугин диран абидал, гьес гьелъул кутакалда рахъ ккуна.

## МухIамад Шамхалов гьавуралдаса - 100 сон

**МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ ракIалдещвей**

# ТIадегIанаб махщалил тIалабчилъи ва мустахIикълъи

**1**

Гьесда лъидасанго лъикI лъалаан ва бичIчIулаан журналистасул хIалтIул къимат: газеталъул подчитчикасдасан бахъараб бетIерав редакторасде щвезегIан редакциялъул хIалтIул болъаби нахъетаразул цояв вукIана гьев. БатIаго кIудияб гьунарлъун гьеб рикIкIинароан, гьоркьохьебцин лъай бугев чи гьев вукIаравани. Гьеб киналъулъго бихьулеб буго инсанасул жиндаго тIад хIалтIизе, лъай ва махщел камил гьабизе бугеб гьира. ГIагараб Лъондода росулъ вукIадго районалъул газеталде хъвадарулев гьесул бегIерал ва магIна гьваридал макъалабиги, гьесул гьунарги бихьичIого хутIичIо «МагIарул большевик» газеталъул редактор Ражаб ДинмухIамаевасда, ва гьес 1936 соналъ гIолохъанав МухIамад Шамхалович ахIула МахIачхъалаялде редакциялда хIалтIизе.

1950 соналъ МухIамад Шамхалович цIализе витIула коммунист партиялъул Централияб Комитеталда цебе бугеб тIадегIанаб партшколалде. Гьеб мехалъ бичIчIула гьесда кигIан мукъсанго жинда гIурус мацI лъалеб бугеблъи. КIиабилеб курсалда цIалулев вукIана гьев, гьенир цIалулезулгун дандчIвазе ГIабдурахIман Даниялов вачIараб мехалъ. КПССалъул Дагъистаналъул Обкомалъул тIоцевесев секретарас студенталгун букIараб гара-чIвариялда хадуб, батIаго гара-чIвари гьабуна МухIамад Шамхаловгун ва предложение кьола авар газеталъе нухмалъи гьабизе Дагъистаналде тIад вуссине ва школаги заочно цIалун лъугIизабизе. Амма гIолохъанав студентас ракI рагьун бицула жинде цIализе захIмалъулеб бугин, гьединлъидал цин цIали т1убан лъикIин жиндиеян. Цогидас инкар гьабилароан гьединаб кIудияб хъулухъалде ахIун вукIаравани.

БукIун батила инкар кквеялъе цоги гIиллаги. МухIамадие йокьана цадахъ цIалулей йикIарай Фаина Лаврова. ГьитIинабго бертин гьабула гьезие гьулдул-гьалмагъзабаз. 44 талихIаб сон цадахъ бана гьез ва 1995 соналъул 20 декабралда Фаина Александровналъ вокьулев рос регIана ахирисеб сапаралде.

1953 соналъул сентябралда МухIамад Шамхалович тIамула авар мацIалда бахъулеб «Дагъистаналъул правда» газеталъул редакторлъун. ГIурус мацIалда бахъулеб «Дагъистаналъул правдаялъул» рагIадлъун лъугьун ругин миллиял газетабиян гIемер цеве вахъана ва хIаракат бахъана гьес жалго жидедаго чIарал газетал цIидасан тIадруссинаризе, гьеб сабаблъун жиндие хадубккунисеб карьераялъе цебе хIетIе чIвалеб лъаниги. Чаналиго соналдасан гьев мурадалде щвана. Цогидал редакторзабаз кинабгIаги кумек ва рахъкквей гьабичIониги, гьес жинцаго борхараб суал рагIалде щвезабичIого течIо: 1957 соналда республикаялъул миллиял газетазе щвана, абухъего, автономия, гьел жалго жидерго чIарал ва жиндирго хъвадарухъангун цIалдолел ругел газеталлъун рахъана. «БагIараб байрахъалъул» редакторлъун тIамуна МухIамад Шамхалович. ГIабдурахIман Данияловас жиндихъ ракIарарал редакторзабазда абула нужер бугин рес анкьида жаниб лъабго яги щуго номер газеталъул биччазеян. Жив метерго хIадурав вугин щуго газета анкьида жаниб къватIибе кьезеян абула МухIамад Шамхаловас редакциялъул хасаб лъай бугел хIалтIухъаби гьеч1ониги. ГIуцIизе кколаан газета борхулеб коллектив, гьесда кIвана кьокьабго заманалда жаниб бажаригун лъай бугеб, гьункараб, цоцае хIалае бахъине хIадураб коллективалда гIалимзабиги, хъвадурахъабиги, маданиялъул хIалтIухъабиги данде гьаризе. Газета лъугьана халкъалъул мацI бечед гьабиялъул ва халкъияб тарихалъул пропагандистлъун.

Миллиял мацIазда газетал рачIин букIана дагъистаниязе кIвар бугеб суаллъун, дол соназ рукIинчIелъул миллияб мацIалда риччалел тIахьалгун журналал ва халкъалъ литератураялъулгун лъай-хъвай гьабулаан газетазда рахъарал макъалабигун харбал цIалун.

ГIемерал хъвадарухъабазегун шагIирзабазе гIумруялде нуцIби рагьана «БагIараб байрахъалъ». ГIемер ракIалде щвезабулаан Фазу ГIалиевалъ жинца редакциялде битIараб кIиго кечI кидадай газеталда бачIиналъухъ хал гьабун йикIарайлъи. Ахирги кIиябго кечI газеталда бахъун бачIиндал, хIанчIил гурел, цIудул куркьбал гьунин жинда литератуияб гIумруялде гали щулаго чIезеян ракIалде щвезабулаан гьелъ.

ГIемерал хъвадарухъабаз, гьездаго гьорлъ ЦIадаса ХIамзатицаги кучIдул сайгъатал гьаруна гIагараб газеталъе. Расул ХIамзатовас гIагараб магIарулазул газета рикIкIунаан магIарул миллаталъул герблъунги, гимнлъунги, байрахълъунги.

25 соналъ МухIамад Шамхалович редакторлъун вукIадго гIемерал лъикIаб рахъалдехун хиса-басиял ккана газеталда. Киданиги рехичIо гьес макъала корзинаялде, бичIчIизабула авторасда хъвазе кколеб къагIида, сунде кьезе кколеб кIвар. Киналго журналистал релъа-режана «БагIараб байрахъалъул» хъазмилъ. Чанги гIамалкIодоги вукIана редакциялда, дагъабниги пагьму-махщел жидер бугел, гIемер пахрулъи хIалтIулъ бихьизабулел. ГIемер хIехьана гьес гьезул гIамалкIодолъи, амма киданиги бихьизабичIо жиндирго рахъалъ гьезда ващалъи. Чанги ккана хIужаби гIамалкIодолъун хIалтIудасан нахъе арал гьез, жал нахъойги хIалтIуде росеян жалго аскIоре инчIого, цогидаздасахун ругьелал ритIияльул. Амма щибго жоялдалъун жиндир рекIее гьабураб лъикIаб гуреб асар гьес загьирлъизе течIолъиги букIана нижее гIумрудул дарслъун, гьитIинлъун гьев кIодолъи ва кьун бергьин.

«ХIакъикъат» газеталъул редактор ГIали Камаловас такрар гьабуна жиндирго насихIатчи-мугIалим МухIамад Шамхаловасул хIалтIулаб нух.

Хинаб ва лъикIаб рагIудалъун гурони лъицаниги ракIалде щвезавулароан МухIамад Шамхалов гьесда цадахъ хIалтIаразги дагьавниги гьев лъалезги.

Школазда рахьдал мацIал кьей тIагIинабизе кколин абураб пикругун 1958 соналъ кIалъазе вахъарав партиялъул ГIахъуша райкомалъул секретарь РажабгIали ГIумаровасул калам МухIамад Шамхаловичас кьолболъанго цебехун биччачIо, гьесда бичIчIана гьеб букIин миллиял мацIал тIагIинариялде лъолесеб гали. Школлъималазда гIурус мацI тох лъайги гьес рикIкIунаан гIемерисел мугIалимзаби жалгоги сонисел цIалдохъаби рукIин, тIадегIанаб яги хасаб гьоркьохьеб лъай бугел чагIи гьезда гьорлъ дагьал рукIин.

Миллияб мацIги, адабиятги, маданиятги цIунизе ккеялде кIвар кьураб кIалъай гьабуна гьес гIумруялъул киналго рахъалги росун, бихьизабуна министрзабазцин миллиял газетал хъвалел гьечIеблъи, Дагъистаналъул адабиялъул классиказул цIарал тахшагьаралъул къватIазе кьун гьечIеблъи, 20-25 азарго тIехь бугеб республикаялъул библиотекаялда 10-15 гурони тIехь рахьдал мацIалда риччарал гьечIеблъи. Халкъалде данде чIараб реформайин цIар кьуна гьес ГIумаровасул предложениялъе.

Кагановичасул цIаралда битIула гьес кагъат шагьаралъул школаздагицин рахьдал мацIал малъизе ккеялъул бицун. ГIемерал сонал ана гьоркьор, амма гьесул мурад тIубана.

ЦохIо редакторлъун гуро МухIамад Шамхалович халкъалъул ракIазулъ хутIарав. Гьев вукIана махщел камилав, перо бегIерав хъвадарухъанги. ЦохIо хIухьлада цIалулел гIемерал харбалгун къисаби нахъе тана гьес. Жиндирго намусалда цеве вацIцIад вукIин-гьеб букIана МухIамад Шамхаловичасул аслияб тематика.

Гьесул журналистасулаб, редакторасулаб ва хъвадарухъанасулаб хIалтIи хIукуматалъги кIодо гьабуна лъабго нухалъ «ХIурматалъул гIаламат» орденалдалъун, гIемерал медалаздалъун, грамотаби-дипломаздалъун.

Бахиллъулаан жамгIияталъул ургъалилъ араб гьесул гIумруялда.

Нижеца гIемер ракIалде щвезавулаан МухIамад Шамхалович хинал рагIабаздалъун, кIочонароан гьесул эмен-вацасулаб тIалаб, хасго баркала загьир гьабулаан гIагараб авар мацI цIуниялда ва бечед гьабиялда сверухъ гьабураб жигараб хIалтIухъ.

**ХIажи ГIарипов,** 1978-1991 соназ «БагIараб байрахъ» газеталъул вукIарав редактор



## МухIамад Шамхаловасде



Район хириязул сияхI гьабуни,
Ахирисезда гьорлъ мунги вукIина.
ГIаданлъи тIокIазул цIарал рехсани,
Дур цIар цебе ккела цогияздаса.

Мун вукIун рагIула цIакъ лъикIав инсан
Лъиде кьо кканиги, хIалае щолев.
Шагьаралда хварав Къадил жаназа
Дур жигарчилъиялъ росулъ битIараб.

Дур нусго соналъул юбилеялде
Багвалал гучалда хIадурлъун руго.
Дагъистаналдаго гьеб кьо баркизе
Ракьцоял гурелги тIаделъун руго.

Миллат, мацI, культура кинабго цолъун,
Дурус рагIул устар кIодо гьавизе
Авар мацI бокьулел дандеги руссун,
РухIияв цевехъан цойги рехсезе.

Дуда гьегъ балелги камун рукIинчIо…
Киназего гуро гьунар бокьулеб.
Абулаанила газетчагIазда
Чи хIакъир гьавулеб рагIи хъвагеян.

Лъазабун танила мухбирзабазда
Нужго гьединазул бакIалда лъейин.

«ВатIаналъул унти», «Вац» ва цогидал
Гьираялда руго халкъалъ цIалулел.

Дуца гIумру кьураб «БагIараб байрахъ»,
Щибаб годекIаниб буго цIалулеб.
ЩорОбразда гьоркь цIодорал берал
ЦIаруцIинаандай сверухъ ралагьун?

Гьаб гIолеб гIелалъе лъолел къиматал
Къадарлъилаандай жакъа къо борцун,
Бицаде хутIараб пасихIлъиялъе
Кколеб къимат кьезе бажариларо…

Бажарухъе хъварал кочIол мухъазе
ГIайибал рехани, къабуллъиларо.

**Загьра МухIамадова**, Инхокъвари росу

## МухIамад Шамхалов гьавуралдаса - 100 сон

# РагIул кIудияв устар

Дагъистан ва гьелъул гIурхъи бахун къватIиб рагIизабуна районалъул цIарги, тарихги, байрахъ борхатго ккурал лебалал, яхI-намус бечедал, гIаданлъи жиделъ бессарал цIумадисез. Гьединазулъа цоявлъун ккола дир макъалаялъулъ бицен гьабулев Дагъистаналъул машгьурав хьвадарухъан, прозаик ва журналист Мух1амад Шамхалов.

**Рорхатал мугIрузул цIумлъун воржун ун,**
**Вахана, шагIир мун, борхалъиялде**
**Дур хIеренаб калам, камилаб рагIи,**
**ГIасрабаз хутIила щивасул рекIелъ,**



МухIамад Шамхалов гьавуна l9l6 соналъул 25 декабралда ЦIумада районалъул балагьун бер гIорцIулареб, гIажаибго берцинаб тIабигIаталъул, бацIцIадаб гьаваялъул Лъондода росулъ мискинав векьарухъанасул хъизаналъе.

ЦIияб власть гIуцIун хадуб, гьесул эмен вищула векьарухъабазул комитеталъул бетIерлъун, амма гIемералъ хIалтIизе гьесие щоларо, l93l соналъ Аллагьасул къадаралде щола. Эмен холеб мехалда МухIамадида букIуна l5 сон. Лъималги рехун тун, эбел уна росасе. Лъималазул тIалаб тIаде ккола кIудияй эбелалде. ГIумрудул бакIаб гьир баччизе ккана гIун вачIунев гьитIинав гIолилав. Гьес чадил кесекалъухъ хьихьулаан росдал гIадамазул гIи-боцIи, гьабулаан цебе ккараб хIалтIи вацги, яцги кIудияй эбелги ракъун хутIичIого рукIиналъе гIоло.

Бесдал хутIиялъги, гIемер гIакъуба-гIазаб бихьиялъги, гIумрудулъ гIемерал захIмалъаби дандчIваялъги, гIемерал ракIбакъварал къоял рихьиялъги, кумекалъе ва хIалае вахьине чи гьечIолъиялъги, къисмат къваридаб букIиналъги МухIамад Шамхалов гIадатав, гIаданлъи тIокIав, гIадамазе живги, жиндие гIадамалги хирияв чилъун вахьана.

Босилин гIаданлъиялъул хасият жиндилъ якьинго загьирлъулеб цо мисал.

МухIамад Шамхаловичилан жинде ахIараб мехалъ, гьес цо цадахъ хIалтIулев магIаруласда абун буго:

«МагIарулал цоцада кIалъалеб мехалъ, отчество ахIун кIалъаларо ва кIалъазе кколаро. Абизе ккола МухIамад, ГIали, ГIумар. Гьедин абе дидаги. Дун нужее МухIамад вуго! -ян.

Гьеб гурищ гIадан тIадегIан гьавулеб гIамал, гьесул гIадатлъи?

МухIамад Шамхалов вукIана рагIул кIудияв устар. Гьесул щибаб асаралъул буго гьваридаб магIнаги, киданиги къимат хвезе гьечIеб кIварги, пасихIаб каламги, камилаб, квартIа кIутIизе бакI гьечIеб рагIиги, бечедаб мацIги. Щиб асар босун балагьаниги, щибаб рагIи батула жиндирго букIине кколеб «рукIниб», ва гьелъ кквербакъула асарал ричIчIизеги.

Бесдал хутIарав, гIумруялъ эбел-инсул гьуинлъи лъачIев МухIамад Шамхаловасе ЦIадаса ХIамзат ва гьесул лъади Хьандулай рукIана эбелэменлъун, жидерго кIиго вас рагъда камиялъ букIун батила, гьезиеги гьев жидерго василан ккolaaн. Расулие ва ХIажиеги гьев жидерго вац гIадин вокьулаан ва кинабго гьевгун дандбалаан.

ЦIадаса ХIамзатица абурал рагIаби рукIун ратизеги бегьула МухIамад Шамхаловасе гIумруялъулъ дарслъун. «Кидаго гIумру гьабе вихьулаpeдухъ, рагIиларедухъ. Цогидазда вихьила, рагIила. Кидаго къеркьоге борхалъуде вахине. Цогидаз вахинавила.»

ЦIадаса ХIамзатица абухъеги лъугьана. МухIамад Шамхалов вукIана кинабго рахъалъан цевеtIурав, сабру берцинав, рухIияб берцинлъи чорхолъ куцарав, гIадамалги рокьулев, гIадамазеги вокьулев, гIадатав, гIаданлъиялъул рахъалъ жинде чи щоларев инсанлъун.

МухIамад Шамхаловасул гьунарги пагьмуги щулаго бухьараб буго Дагъистаналъул адабияталда ва гьелъул цебетIеялда. Гьев ккола магIарулазул ва Дагъистаналъул рухIиял церехъабазул цоявлъун, гьес мустахIикъаб лъалкI тана Дагъистаналъул гIемермиллатазул адабият бечед гьабиялъулъ. МухIамадие кутакалда бокьулеб букIана мацIги, миллатги, тарихги, маданиятги. Гьелъие нугIлъиги гьабула тIолго гIумруялъ МухIамад Шамхаловас жиндирго бегIераб кьалмие хIалхьи кьечIолъиялъ, хьахIаб кагътие жиндирго ургъел бикьиялъ, гьелъие жиндирго рекIел хIал загьир гьабиялъ, гьудуллъиялде, гьуинлъиялде, рухIияб бечелъиялде, ватIан бокьиялде гIадамал куцалел ва ахIулел асарал хъваялъ.

**Камуна мун тIолго дур ракьцоязе,**
**ТIолго гIаламалъе, Дагъистаналъе,**
**Гьунар тIокIав шагIир, гIакъилав инсан,**
**Ахират лъикIаб щун, вохун ватаги!**

Гьоркьехун кьолеб буго МухIамад Шамхаловасул гIурус мацIалдаса дицаго магIарул мацIалде буссинабураб васигат.

**Васигат**

Ассаламу гIалайкум, хIурматияб, къуват тIадегIанаб хвел!

Къо-мех лъикI дие заманалъ кьурал роцIарал, роччарал, гIаздалал, цIадалал, бакъулал, накIкIазул, берцинал къоял. Дун хIадурав вуго мунгун дандчIвазе.

ГIадамасул берцинаб гIумрудул ахалъуда, гIорхъуда хвел букIинчIебани, гьеб, гIадамасул гIумру, букIине букIана ретIун басралъараб, тIаса бахъулареб тIимугъ гIадаб, чIамучIаб, чIалгIараб.

Дун гIурхъи гьечIого налъулав вуго дир гIагараб, дун тIаса хьвадараб ва дун кваназавураб ракьалъе.

Дун налъулав вуго ва ракI - ракIалъ баркала загьир гьабулеб буго дир мугIалимзабазе, мутагIилзабазе, тIолгоял лъикIалщинал гIадамазе, ва, къокъго абуни, дун ГIаданлъун вахьинавизе квербакъаразе.

Аллагьасда лъала дун кинав чи вукIаравали, ва дица дидаго тIадаб налъи кин тIубазабурабали.

**Аманат гьабула:**

1. Вукъе дун гIадатго, чурун, тIад мусруги жемун.

2. КинабгIаги гьанал, чакрил, чадил садакъа рикIкIуна хIажат гьечIеблъун. Лъималазе бикьизе бегьила конфет -печенье, ялъуни пихъ.

3.МагIирукъ ва кверкьей лъабго къойидаса тIаде хIажатаб гьечIо.

4. Дунги рикIкIун, дир зигара базе рачIарал кваназаре.

5. Хваралдаса кIикього ялъуни кIикъоялда анцIго къо гьаби къваригIинаро.

(«Азаралда цо хIадис»-абураб тIехьалда гьеб какун буго).

6.Дун бетIергьанаб щинаб дир мал -мулк, къайи-къоно ва бугебщинаб аманат гьабула дир лъадуе ва лъималазе.

7.Къаданиб зани чIвай кIудияб гьечIеб, гIадатияб дагъистаналъул ганчIил гьабураб.

8.Абадияб рокъове дун регIиялъул тадбир гIуцIизе бокьилаан ГIабдулаца, СагIадулаца, МухIамадхIажияс, Андрейица ва Амирица.

9.Дун вукъеян гьарула дир хъизаналъе бокьараб ва дандеккараб бакIалда.

Заира ГIалиева

**Газеталда рахъулел руго Лъондодаса МухIамадрасул Амировас редакциялде ритIун рачIарал МухIамад Шамхаловасул «Халкъияб хазина кодосев» макъалаги ва ЦIадаса ХIамзатил васал Расулихьегун ХIажихъе хьвараб кагъатги.**

# Халкъияб хазина кодосев

Гьеб букIана цебего. ГIурччинго рукIана цоялдаса цоял рорхатал мугIрул. ТIинкIун унедухъ роцIун рукIана хьахIилал зобал. Цоцалъ къец барал гIадин бакънагъилел рукIана мугIрузул бетIергьаби-кьер-кьерал хIанчIи. Жидерго къагIидаялъ ахIулеб букIана гIедегIун чвахулел мугIрул иццазги лъаразги. Гьеб мехалъ рорхатал мугIрузда тIад тIибитIана гучаб, чвахараб гIолохъанаб гьаракь. Гьеб гьаракьалъ ахIанин ккола: «Рокьи басандулеб росуги танин, саламилан абе бецIал сардазда…»

Гьеб гьаракь гьираялда такрар гьабуна мугIруз, кьурабаз ва рохьаз. РакIалде ккола̄ан КаримхIажиясул ГьаракIуниса ГIайшатил, Игьалиса ГIарашил ГIумарил ва живго ХьахIабросулъа МахIмудилги гьаракь рагIарал, гьел лъалел мугIруз цIияб гьаракь гьабулилан. Гьелдаго хадуб чанги такрар гьабуна гьеб гьаракь Игьалдерил мугIруз, кьурабаз.

Амма гьаракь гIемералъ хутIичIо магIарда. Гьеб рагIизе лъугьана росульги, ахакьги хурзабахъги. Гьеб букIана гьанже киназдаго лъалев машгьурав кочIохъан, Дагъистаналъул халкъияв артист Саидсалим Жамалудиновасул гьаракь. Росулъ лъикIав кочIохъан вахьи гIицIго цохIо росдал чIухIи кколаро. КочIохъан киназего гIаммав вукIуна. Саидсалимилги сверухъ росабалъ хехго машгьурлъана…

Сонал хехго ана, Саидсалим пенсиялда вуго. Амма сонazda кIун гьечIо тIабигIаталъ сахаватго кьураб гьунар гьесухъан бахъизе. Гьев вуго КаримхIажиясул, ГIарашил ГIумарил, ГьаракIуниса ГIайшатил ва цогидалги цересел гьайбатал халкъиял бакьнал лъалезул ва гьел рацIцIадго цIунулезул цояв. Гьединлъидал Саидсалимил бугеб халкъияб хазина цIунизе ккола. Гьеб къиматаб буго.

Пашманлъизе ккараб жо буго П. Нуцаловалъул ва ЧIалдаса ГьазимухIамадил цо-кIиго кечI гурони, я ГIарашил ГIумар, я КаримхIажи, я ГьаракIуниса ГIайшат, я ГIалибулат ва ПатIимат гIадал ва гIемерал цогидалги машгьурал кочIохъабазул гьаракь, АнсалтIасул зурмил, КIвандерил кьодаса Давудил пандрил бакънал цIунун (гьечIолъи) ратичIолъи. «Араб буссинаро, свараб рекIунаро»-ян, абула. Амма бугебниги халкъияб хазина ккола барахщадго. КечI-бакъан бокьулев щивав чиясул рес буго халкъияб хазина цIунизе.

М. Шамхалов.

# Дие ХIамзат цохIо поэтлъун вукIинчIо

**ЦIадаса ХIамзат хвараб заманалда М. Шамхалов вукIана Москваялда партиялъул тIадегIанаб школалда цIалулев. Гьеб мехалъ хьвараб кагъат буго гьаб.**

**Хирияв вац Расул ва ХIажияв!** Дида рагIи батулеб гьечIо, диего бокьухъе, дирго мурад нужеде загьир гьабизе. СагIаталдасаги цIикIкIун бан батила гьаб кагътиде тIаде кьулун вугелдаса. Щаяли лъаларо, цохIо минуталъги ХIамзат хванилан ракI божулеб гьечIониги ва бокьулеб гьечIо цохIо секундалъги хварав чилъун рикIкIине. ХIамзат вачIунареблъи лъананиги, гIададаго буго магIу чвахулеб. КигIанха дие бокьун бугеб гьал пашманал къояз нужеда цадахъ вукIине рес букIарабани. КигIан талихI гьечIевха дун вугев чанго анцIазар совет гIадамаз ва тIолабго Дагъистаналъ жидерго вокьулев кочIохъанасулгун къомех лъикI гьабулеб мехалъ, ахIун гьаракь рагIуларелъув, рикIкIад хутIана. Диеги гьев гIицIго цохIо поэтлъун вукIинчIо. Дие гьев вукIана нужеего гIадав эменлъунги, учительлъунги, гьудуллъунги.

ВукIарав цIакъав инсанха. ГIорхъи-рахъ гьечIеб гьунар, кIудияб гIакъиллъи, кутакалда гьитIинаб гIамал-простота.

Инсанасдехун бугеб берцинаб рокьи.

Инсанасулъ букIунеб лъикIабщинаб жо гьесулъ кинабго бакIарун букIана. КватIичIого вачIина Дагъистаналде ва дирго гIагарав инсухъе щвела.

Хириял вацал Расул ва ХIажияв, дир цIакъ урхьараб салам бице мискинай эбелалда, ПатIиматида, нужерго ПатIиматида ва киназдаго. Нужеца дида гIайиб гьабуге, дида кватIун лъана. 12 июналда къаси дихъе раккизе рачIарал гьалмагъзабазцин хIукму гьабуна бицинчIого тезе.

Нахъеги гьез дихъе кьуна «Литературияб газета». Гьелдаса лъана. Дица гьезда гьарун букIана телеграмма битIеян. Дун божарав вуго гьез телеграмма битIун батилилан.

Дица гьаб кагъат вегун хьвазе ккол еб буго. Больницаялда вуго.

Дир урхьараб салам къабул гьабе. Нужее сахлъи гьарулев МухIамад.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2100 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе ккolaан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Спорт-спорт -спорт**

## Эркенаб гугари

Араб анкьалъ Владикавказ шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб ТIолгороссиялъулаб рагьараб турниралда лъикIал хIасилал щвана нилъер районалъул гугарухъабазе.



55 кг. цIайиялда бергьенлъи босарав ТIиссиса ГIабасхIажи ГIабасхIажиев вахъана «Приора» машинаялъул хважаинлъун.

50 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана Эчедиса Ибрагьим ГIабдурахIмановасе, лъабабилел бакIал щвана 74 кг. ва 84 кг. цIайиязда гугарулел рукIарал Гьигьалъа Аслудин МухIамадовасе ва Камил ГIисаевасе.

## Волейбол

Араб щамат къоялъ Агъвали тIобитIана «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе гIоло волейбол хIаялъул рахъалъ иргадулаб 37 абилеб районалъул чемпионат. Ахирал соназ районалдаги, республикаялдаго гIадин, цебетIолеб буго волейбол. Исана гIахьаллъараб 10 командаялда гьоркьор рукIана Хушет, Гьакъо, Сасикь ва Къеди росдал командаби, кIиго команда ТIадгьакварисезул, гьединго гIахьаллъана районалъул ДЮСШялъул, Гъоркьгьаквари, ТIинди, ва Гьимерсо росабазул командабиги.

Цо-цо росабалъ гьеб спорталъул тайпа кIвар буссинабулеб гьечIо гьелъул цевехъан росулъ гьечIеблъиялда бан. Гьединаздаса ккола Агъвали, Хуштада, Гьадири, Гьигьалъ ва КIванада росаби



Гьеб рахъалъ гIуцIи буголъи бихьизабулеб буго ТIадгьаквари ва Гъоркьаквари росабазул администрациязул бутIрул Сулейманов Сулейманица ва АхIмадов Рашидица. Щибаб соналъ гIахьаллъула гьезул командаби районалда тIоритIулел волейболалъул турниразда ва жалгоги гIахьаллъула гьенир. Исана щуабилеб нухалъги тIатIалаго босана ТIадгьаквари росдал командаялъ «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъул кубок.

КIиабилеб бакIалдеги бачIана гьебго росдал ригьдаса аразул команда. Лъабабилеб бакIалъе гIоло дандчIвана Хушет ва Гъоркьгьаквари росдал командаби. ХIалуцараб къеркьеялъул хIасилалда бергьана хушетисел. Абизе бокьун буго Хушетисезул командаялъ гIезегIан лъикIаб ва берцинаб хIай бихьизабунин турниралда. Гьелъухъ гьезие кIудияб баркала кьуна балагьизе рачIараз.

Призалъул чемпионлъун бахъараб ТIадгьакварисеб командаялъе кьуна хьвадулеб кубок, тIоцебесеб даражаялъул диплом ва 15 000 гъурущ.

КIиабилеб бакI щвараб ТIадгьаквари росдал ветераназул командаялъе - кIиабилеб даражаялъул дипломгун 10 000 гъурущ. Лъабабилеб бакI босараб Хушет росдал командаялъе - лъабабилеб даражаялъул диплом ва 7000 гъурущ.

Гьединго гIарцулаб сайгъат гьабуна торгIо хIаялъулъ тIокIлъи бихьизабурав Хушет командаялъул гьужум гьабулев ГъазимухIамадов Мирзае.

**МухIамад Къасумов**

**МухIамад Шамхалов гьавуралдаса - 100 сон**

## Мун борхалъиялде тIаде вахана

КигIан хехго унел гIумрудул сонал,
Щварабищ дурги цIва, тIадмагIарул вас.
Магниталъ махх гIадин, тIаде ракI цIалеб,
ГIамал букIана дур кIочон толареб.

КIодолъи гIумруялъ балагьичIев мун,
Дагъистанияца кIодо гьавуна.
Гьайбатал асарал ирсалъеги тун,
Арав дуда хадур зигардиларо.

ЗахIматал сверабалъ сунел чирахъаз,
Чан гьайбатав инсан гIадада холев.
Халикъас гьайбатаб гьунар кьурав мун,
Кьуру гIадин вуго нижеда гьоркьов.

ГьечIо дуе херлъи, ялъунани хвел,
Хвел гьечIеб ракI тедал гьудулзабазе.
ЧIегIер лахIтуялъув тIад къаналги чIван,
Къаркъала гIадамаз букъананиги.

Дица дуда аскIор тIамурал сагIтал,
Санал ананиги, кIочон толаро.
КIудияв, духъ кIвар кьун гIенеккана дун,
Жакъаги гьединго гIенеккун вуго.

МагIарул бацIцIадаб мацIгин цIар цIунун,
Мун свак тун къеркьарал къоял кIочонищ?
КъвакIун данде чIана чIегIер ишазул,
Машгьурал гьереси-патриотазда.

ЧIегIер накIкIал хьвалхьун, цIум кинигинан,
Мун борхалъиялде тIаде вахана.
Ва рекъараб буго гIагараб халкъалъ,
Дуй борхалъиялда памятник базе.

**Наби ГIисаев**

## Конкурсалъул хIасилал

Махщел-гьунар бугел лъимал тIатинари мурадалда санайил тIобитIулеб «ГIагараб Дагъистан-дир гьансито» республикаялъулаб конкурсалъул хIасилал рачана. Гьениб гIахьаллъараб 34 районазда гьоркьоб букIана нилъер районалъул зоналияб къецалда бергьараб кочIохьабазулгун музыкалиял алатазда бакънал рачунезул кIиго къокъа.



Киналго нилъ рохараб хIасил ккана кочIол конкурсалда ясазул къокъаялъе кIиабилеб ва васазул ансамбль «Ичихъан» къокъаялъе лъабабилеб бакIал щвей. Гьезул нухмалъулел Агъвали ва Гьигьалъ школазул музыкаялъул мугIалимзаби Асадула МухIамадов ва Мурид ШамилхIажиев грамотабаздалъун кIодо гьаруна. Баркула лъималаздагун нухмалъулезда бергьенлъаби.

**З. Сажидова**

### Объявление

Администрация сельского поселения «сельсовет Хварщинский» выделяет в аренду земельный участок сроком на 49 лет общей площадью 50 га.

Для участия в аукционе необходимо представить заявку в АСП «сельсовет Хварщинский» в течение 30 дней со дня опубликования данного объявления в газете «Голос Цумады».

Заявки принимаются в кабинете главы администрации сельского поселения.

**Гасан Исрапилов, глава АСП «сельсовет Хварщинский»**